13. Qurbanbaeva T. Aqsaqal. – Nókis: «Qaraqalpaqstan», 2010.
14. Usnatdinov Sh. Sońgı ańshı. –Nókis: «Qaraqalpaqstan», 2014.
15. Abdiraxmanov O. Aralım – dártim meniń. –Nókis: «Qaraqalpaqstan», 1990.

**REZYUME.** Ushbu maqolada Qoraqalpoq badiiy-publitsistik uslubining oʻziga xos janri hisoblanadigan esse matnlarida qoʻllanilgan fonostilistik elementlarni oʻrganish orqali bu janrdagi matnlarning uslubiy xususiyatlari, asarlardagi obrazlarning va adibning voqealikka boʻlgan sbuyektiv va obyektiv emotsional-ekspressiv yondoshuvi, shuningdek tilning bugingi holatidagi fonetik rangbarangliklar haqida maʻlumotga ega boʻlamiz.

**РЕЗЮМЕ.** В данной статье путем изучения фоностилистических элементов, используемых в текстах эссе, что является уникальным жанром каракалпакского литературного стиля,мы будем обладать информацией о жанровых различиях текстов эссе, субъективном и объективном, эмоционально-экспрессивном отношении автора к ситуации, образах в произведениях, а также о современном состоянии языка.

**SUMMARY.** In this article, we get information about the genre variations of essay texts, subjective and objective emotional-expressiveness of the author and the characters in the works, as well as the current state of the language by studying the phonostylistic elements in the essay texts, which are a genre of Karakalpak literary journalism.

## ПУБЛИЦИСТИКАЛЫҚ ТЕКСТ СТИЛИСТИКАСЫН ҮЙРЕНИЎДИҢ ТЕОРИЯЛЫҚ ТИЙКАРЛАРЫ

**А.К.Пирниязова –** *филология илимлериниң докторы, профессор*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*
**Г.П.Каллибекова –** *филология илимлери бойынша философия докторы*
*Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети*

**Таянч сўзлар:** публицистика, матн,услубият,медиаматн,журналистика, тил, жанр.
**Ключевые слова:** публицистика, текст,стилистика, медиатекст, журналистика, язык, жанр.
**Key words:** journalism, text, stylistics, media text, journalism, language, genre.

**Кирисиў.** Ғалаба хабар қураллары арқалы берилип атырған жаңалықлар жәмийетшиликтиң дыққат орайында турады. Себеби ҳәр бир инсанның жаңалықты өз ўақтында бақлап, еситип барыўына зәрүрлик бар. Ал, бул жаңалықлар қандай мазмунда, қандай формада баян етилип атырғаны ҳәмме ўақытта әҳмийетли саналады. Бунда текстти дурыс баян етиў әҳмийетли. Жаңа терминлерди, атамаларды, неологизм сөзлер ҳәм ҳәрбир сөзди өз орнында дурыс пайдаланыў талап етиледи. Соның ушын да публикаға усынылып атырған публицистикалық текст стилистикасы ҳәмме ўақытта сапалы болыўы тийис. Тил билими изертлеўшилери бул мәселе шеңберинде бир қатар жумысларды орынлап атыр. Атап айтқанда, рус тил билими бойынша белгили илимпаз Р.И. Галперин [1:20-21], өзбек тил билиминде З.Йигиталиева [2], С.Ҳ.Шомақсудов [3], Ё.Н.Комилова [4], М.Худойқулов [5], Қарақалпақстанлы илимпазлардан Т.Машарипова [6], А.Пирниязова [7:85-88], З.Оразымбетова [8], Е.Жәримбетов [9], Г.Каллибекова [10], Д.Қурбаниязов [11], Г.Сейитназарова [12] сыяқлы илимпазлардың илимий мийнетлеринде бир қатар анализ тийкарында дәлиллер, классификациялар ҳәм усынылар келтирилген. Булардың барлығы күнделикли баспасөз тилиниң еле де жетилисиўине газета оқыўшысының билиў ҳәм билим дүньясын жетилистириўге хызмет етеди.

Публицистикалық текст стилистикасы дегенде биз, әлбетте, журналистика жанрлары менен байланыстырып алып қараймыз. Бул ҳәр бир фактты, санды, мағлыўматты ықшам ҳәм түсиникли баян етиў формасы. Буны информациялық жанрлар, аналитикалық жанрлар ҳәм көркем-публицистикалық жанрлар мысалында анализ ислеўге болады. Бул пикирди бир қатар илимпазлар жумысларында атап көрсетеди. Профессор Т. Машарипова монографиясында публицистиканың негизин былайынша түсиндиреди: «Публицистика» – әдебият ҳәм журналистика түри болып, жәмийетлик пикирге ҳәм ҳәрекет етип турған сиясий институтларға тәсир етиў ямаса оларды белгили бир класслық мәплерге яки социаллық ҳәм әдеп-икрамлылық идеалларға муўапық өзгертиў мақсетинде ҳәзирги заманның әҳмийетли сиясий, экономикалық, әдебий, ҳуқықый, философиялық ҳәм басқа да машқалаларын қарап шығады… Ҳақыйқый публицистика – журналистиканың ең жоқары шыңы. Газета ҳәм журналлардың дерлик барлық жанрларынан (мақала, фельетон, очерк, шолыў, рецензия, памфлет) пайдаланылып, ол бәрҳама пикир оятыўы, жаңа идеялар ушын гүресиўи менен ажыралып турады» [6:6]. Сонлықтан да биз баспасөздеги ҳәр бир жанрдың фактти жеткериў шеберлигине, сөз қолланыўдағы әҳмийетине итибар қаратыў тийис деп есаплаймыз.

Илимпаз М. Худайқулов публицистика текстиниң мазмунын ҳәм әҳмийетин публицистикалық жанрлар менен байланыстырып түсиндиреди: «Жәмийетлик турмысты сүўретлеўдиң өз алдына бир түри болған ҳәм сол қундеги турмыстағы ўақыяларды сол күн ушын жеткизип бериўди мақсет етип қойған публицистика журналларда өзине тән өзгешеликке ийе. Журнал публицистикасы газетаға қарағанда мазмуны кең, көлеминиң үлкенлиги менен ажыралып турады. Журналларда публицистиканың жәмийетлик-сиясий, илимий, көркем-әдебий түрлери кең қолланылады. Көркем-публицистикалық журналларда болса публицистиканың жәмийетлик-

сиясий, илимий, көркем-әдебий түрлери жийи ушырасады. Жанр тәрепинен алып қарайуғын болсақ, журналларда публицистиканың аналитикалық жанрлары – мақала, сәўбет, шолыў, бақлаў сыяқлы көринислери ҳәм де көркем-әдебий публицистиканың очерк, фельетон, памфлет сыяқлы жанрлары кең орын алады. Информациялық жанрлар журнал бетлеринен орын алса да өзине тән өзгешеликке ийе болады» [5:85].

Журналистика тараўы бойынша филология илимлери бойынша философия докторы Е.Жәримбетов публицистикалық текст ҳәм журналистика жанрлары ҳаққындағы пикирлерин былайынша билдиреди: «Журналистлик жанрлар авторларға ўақыяны, шараятларды, материалларды қайсы бағдарда, қандай мазмунда ашып бериў ушын дөретиўшилик бағдар болып табылады. Жәмийетлик-сиясий турмыстағы үлкен өзгерислер, мультимедиалы технологиялардың раўажланыўы коммуникация системасының да белгили дәрежеде өзгерислерге ушыраўына алып келди. Өз гезегинде бул өзгерислер жанрлар тәбиятына, теориясына гейпара жаңалықлар киргизбекте. Қәлеген текстти анализлегенде оның жанры үлкен әҳмийетке ийе болады. Бул ҳаққында көрнекли әдебиятшы илимпаз М. Бахтин «текст жанрдан тысқарыда жасай алмайды» деп атап өткен еди. Ҳәзирги ўақытта журналистика теориясын изертлеп киятырған илимпазлар тәрепинен журналистлик текстлердиң классификациясы менен бирге жанр жаратыўшы факторлардың қайсы бири тийкарғы екенлиги бойынша да тартыслы пикирлер ортаға тасланбақта. Авторлар Г.Лазутина ҳәм С.Распоповалар жанрдың тийкарғы белгилери қатарына публицистикалық тексттиң сюжетли-композициялық өзгешелиги менен бирге «жанр модели» атамасын киргизеди ҳәм жанрдың өзгешелигин журналисттиң дөретиўшилик жумыс типи менен байланыстырады. Олар кәсиплик әмелиятты «жаңалық, машқалалы-аналитикалық, очеркли, күлки, мәдений-ағартыўшылық ҳәм интерактив журналистика» деп бөлип қарайды» [13:288-290]. Автор теоретиклердиң пикирлерине сүйене отырып, илимий анализ ислеген. Соның менен бирге изертлеўши публицистикалық стильдиң қандай тараўға қәнигелескен баспасөзде қолланылыўына қарамастан көпшиликке бағдарланғанлығын да айрықша атап өтеди: «Ал, күнделикли баспасөз басылымлары кең оқыўшылар жәмийетшилигине бағдарланып, материалларды, ой-пикирлерди баянлаў публицистикалық стильде алып барылады. Илим мәселелерине, соның ишинде әдебий изертлеў мәселелерине арналған материаллар да бул басылымда көпшиликке түсиникли публицистикалық стильде баянланады. Күнделикли баспасөзде жәрияланған көркем әдебият мәселелери туўралы материалларда публицистикалық баянлаў стили кең қолланылатуғынлығы, сондай-ақ, айырым зәрүр жағдайларда көркемлеў қураллары, тексттиң тартымлылығын арттыратуғын эмоционаллық-экспрессивлик әмеллердиң, усыллардың кең түрде пайдаланылғаны көзге тасланады. Бул биринширден, үлкен тәжирийбе ҳәм терең билимниң нәтийжеси болса, екиншиден, авторлардың өзи таңлаған мәселе бойынша ҳәр тәреплеме изленгенлигинен дәрек береди» [13:288-290]. Публицистикалық текст стилистикасын үйренгенде, әлбетте, журналистика жанрларының баянланыўы стили, формасы, тематикасына итибар қаратыў тийис.

Изертлеўшилер публицистикалық текстлер арқалы қарақалпақ әдебий тилине жаңа терминлер менен байып атырғанлығына да дыққат қарата алған. Атап айтқанда, А.Насырова, Ш.Алланиязова мақалада өз пикирлерин былайынша баян еткен: «Публицистикалық стильде тема ҳәм жанрлық жақтан шегаралар жоқ. Ол жәмийеттиң ең соңғы сиясий, социаллық, экономикалық, философиялық, руўхый әдеп-икрамлылық мәселелерин сөз етеди, тәрбия, мәдeният, көркем өнер, спорт, илим-пән, техника тараўларына тийисли жаңалықлар ҳәм жетискенликлерден хабардар етеди. Жаңа терминлердиң тилимизге келип кириўи ҳәм қолланылыў өрисиниң кеңейиўинде публицистикалық стильдиң орны айрықша. Терминлердиң келип кириўи нәтийжесинде жәмийетлик-сиясий лексика раўажланып барады» [14:102]. Демек, публицистикалық стиль жәмийетлик-сиясий лексиканың еле де жетилисип барыўында хызмети айрықша.

Газета темаларын арнаўлы изертлеген Д. Қурбаниязовтың мақаласында да газета темаларының стильлик өзгешелиги арнаўлы анализ исленген. Оның пикиринше: «Газеталарда аз болса да келбетлик сөз шақабына тийисли сөзлерден тема сыпатында пайдаланылады. Предметтиң реңи, көлеми, формасы, көриниси, дәми, сапасы, жағдайы, салмағы, ийиси ҳәм т.б. өзгешеликлери бойынша мағлыўмат бериўши темалар ушырасады. Олардың ишинде газеталарда ең жийи ушырасатуғыны сыпатлаўшы өзгешелиги ҳәм жағдайына байланыслы қолланылған келбетликлер болып табылады. Бундай мәнисти аңлатыўшы келбетликлер грамматикалық қурылысы жағынан да ҳәр қыйлы. Олардың арасында, көбирек, дөренди келбетликлердиң тема сыпатында қолланылыўы ушырасады. Олар мақала жанрында жийи ушырасып, мазмунлылығы, ықшамлылығы, тәсиршеңлиги менен ажыралып турады. Бундай темалардың текст пенен уйғынласыўы газета материалының дыққатты тартыўы ҳәм көп оқылыўын тәмийинлейди. Бундай темалар Қарақалпақстандағы республикалық, тараўлық ҳәм районлық газеталарда жийи ушырасады. Мысалы: «Заманагөй, исенимли, қолай» (ЕҚ., 11.04.2009), «Заманагөй, көркем, сыпатлы» (УЖ., 12.04.2011) ҳәм т.б.» [11:37]. Сондай-ақ, газета текстиндеги мазмунды ашып бериўде теманың әҳмийетине де итибар қаратып, мысаллар тийкарында дәлил келтиреди. «Газета текстиндеги мазмунды сәўлелендириўге хызмет етиў, оқыўшының дыққатын тартыў ҳәм де оған дәслепки

мағлыўматты бериў теманың әҳмийетли ўазыйпаларынан бири. Сонлықтан да, тема ушын ең ықшам, мазмунлы, дыққатты тартатуғын тил бирликлеринен пайдаланыў талап етиледи. Онда бир сөзден ибарат темалар да көзге түседи. Мәселен: «Уйқысызлық» (УЖ., 12.04.2004.), «Миннетдаршылық» (ҚЖ., 9.05.2001), «Алғыснама» (ЕҚ, 19.06.2002), «Садықлық» (ҚЖ., 14.11.2004) ҳәм т.б.» [11:38].

Филология илимлериниң докторы З.Оразымбетованың мақаласында газета текстлериндеги көркем баянлаўдың әҳмийетин түсиндирип өткен. Оның пикиринше: «Газета тилинде фразеологизмлердиң тема хызметин атқарыўына дыққат аўдарып, газета тили қатаң дәрежеде анық ҳәм коммуникатив ўазыйпа атқаратуғынын көрсетеди. Оның көркем, поэтикалық хызмети шекленген нейтраль лингвистикалық орталық ҳәм көп санлы оқыўшыларға мөлшерленген болады. Газета тилиниң бул өзгешелиги тексттиң эмоционаллығы ҳәм тәсиршеңлигин көтериўде белгили дәрежеде хызмет атқаратуғын фразеологизмлерди қолланыўдың әҳмийетлилигин билдиреди» [15:41].

Е.Жәримбетовтың монографиясында да газета оқыўшысына ҳәр қандай хабарды жеткерип бериўде сөзди дурыс қолланыў, форма ҳәм мазмун сәйкес келиўи сыяқлы қағыйдалардың бар екенлигин былайынша баянлап өтеди: «Журналистикада сөз тийкарғы материал есапланады. Бүгинги күни ғалаба хабар қураллары информацияны аудиторияға түрли көринислер, даўыс ҳәм текст арқалы жеткерип береди. Аўызша сөз даўыс ҳәм көринислер менен бирге де берилиўи мүмкин. Басылымлар аудиторияға тәсир етиўи ушын сөзден тек ғана информациялық яки аналитикалық формада емес, ал көркемлик ҳәм кеўил ашар көринислерде де пайдаланыўға ҳәрекет етпекте. Бүгинги күни көркем әдебият ҳәм әдебияттаныў мәселелери баспасөз бетлеринде турақлы орын ийелеп келмекте. Белгили басылымлар көркем әдебият үлгилерин турақлы түрде өз бетлеринде сәўлелендирип келмекте. Олардың қатарында «Әмиўдәрья» журналын, «Қарақалпақ әдебияты», «Еркин Қарақалпақстан», «Қарақалпақстан жаслары», «Устаз жолы» ҳәм басқа да газеталарды атап өтсек болады. Бул басылымларда лирикалық қосықлардан баслап, тарийхый романлар, драмалар ҳәм әдебият бойынша илимий ҳәм илимий-публицистикалық материалларға шекем сәўлелендириледи» [9:33]. Изертлеўши аудиторияға тәсир етиўи ушын сөздиң күшли қурал екенлигин дурыс түсиндирип бере алған.

Жас изертлеўши Г.Сейитназарова жумысында газета текстлериниң тили ҳәм стилине тоқтап өткен. Оның пикиринше: «Аудитория текст арқалы автордың дөретиўшилигине қызығады. Журналист ушын нәтийжели жазыў аңсат емес, себеби оның қарсыласлары көп ҳәм олардың ҳәммесинде бир қурал – тил бар. Газетада болса журналист тек ғана өз текстлерин жаратыў, оларды баян етиў арқалы итибарға түсиў ҳәм есте сақланыўы мүмкин. Бундай жағдайда дөретиўши материалға дыққатты тартыўдың түрли методларынан пайдаланыўы зәрүр. Биринши нәўбетте, оқыўшының дыққатын услап қалыў. Әсиресе, тексттиң темасы, оның басланыўы, дүзилиси, логикалық избе-излик ҳәм парадокслар, шығарманың өзине тәнлиги ҳәм жуўмақты қандай баян етиўине шекем излениўи, жақсы шығарма дөретиўи керек. Олар арасындағы ең әҳмийетли ҳәм бирлемши қураллардан бири – тема есапланады» [12:17]. Изертлеўши тексттиң темасынан тысқары оның тили ҳәм стилин үйрене алған. Бул бойынша пикирлерин дәл келтирип өтеди: «Журналистлик шығармаларды үйренгенимизде, олардың өзине тән стили ҳәм тил имканиятларына итибар беремиз. Бул бағдарда қарақалпақ баспасөзиниң де өзине тән тәжирийбеси ҳәм жетискенликлери бар. Атап айтқанда, публицистикалық шығарманың тәсиршеңлигин асырып, аудитория итибарын тартыўда халық аўызеки дөретиўшилиги үлгилери әсиресе, нақыл-мақаллар, ибараларды қолланыў дәстүри бар. Олардың жәрдеминде шығарма мазмуны байып, айтылажақ пикир-усыныслар тартымлы шығады. Нақыл-мақалларды текст ишинде қолланыў усылы – ўақыя-ҳәдийселерди баян етиў, шахс характерин ашып бериўде әҳмийети жоқары. Олардан аналитикалық ҳәм көркем-публицистикалық жанрдағы мақалаларда пайдаланыў унамлы нәтийже көрсете алған» [12:18].

Изертлеўшилер газета текстлери менен бирге пүткил медиатекстлериниң әпиўайы текстлерден өзине тән өзгешеликлерин ҳәм тилдиң функционал стиль түрлери менен де салыстырмалы үйренип келмекте. С.Ҳ.Шомақсудованың диссертациясы медиатекстлердеги тиллик, стильлик, жанрлық өзгешеликлерге бағышланады. Диссертация жумысының изертлеў нәтийжесинде өз дәлиллерин былайынша билдирип өткен: «Заманагөй медиа әлемде медиатекстлериниң әпиўайы текстлерден өзине тән өзгешеликлери, массмедиа аспектиниң медиатекст формасына келиўиндеги өзине тәнлиги, бүгинги күн талабына жуўап беретуғын материалларды таярлаўда тиллик өлшемлерден пайдаланыўдың әҳмийетли орынға ийе екенлиги анықланған. Медиатекстти сәўбетлесиў орталығына киритиў стратегиясын жаратыў, текстти бөлимлерге ажыратыўда интерпретация усылынан пайдаланыў өлшемлери анықланып, тема, лид, тийкарғы ҳәм жуўмақ бөлимлериниң коммуникатив, сегментлестириўши, баҳалаўшы-экспрессив ҳәм басқа ўазыйпалары, түрлери ҳәм де тиллик-стильлик өзгешеликлери дәлилленген. Медиатекстлердиң стильлик бөлиниўи: рәсмий, илимий, публицистикалық, аўызеки сөйлеў, көркем, диний-ағартыўшылық стиль өзгешеликлери анықланып, текст қурамында тил қуралларының өз ара байланысып келиўи, функционал стиль нызамының турақлы сәйкес келиў сыяқлы тәреплери ашып берилген. Заманагөй медиадискурстың өзине

тән жанр формалары ҳәм олардың конвергенциясы диффузия процесинде жаңа интеграцияласқан жанрлардың жүзеге келиўи дәлилленген» [3:8-9]. Демек, медиатекстлерде ҳәр бир функционал стиль қолланылатуғынлығын, бирақ олардың ҳәр бири айрықша хызметти атқаратуғынлығын түсиндиреди.

Ё.Комилованың диссертация жумысының бир бөлими «Сиясий портретти сәўлелендириўде тил, стиль ҳәм визуалласыў имканиятлары»на бағышланған. Сиясий портретти баян етиўде тексттеги тиллик бирликлердиң әҳмийетин түсиндирип өткен: «сиясий портреттин баян етиўде тексттеги афоризмлер, нақыл-мақаллар, сиясий позицияға тән детальды қолланыў, автор стили, текст тили өзгешеликлери, контенттиң визуал-коммуникатив компонентлери материал нәтийжелилигин тәмийинлеўдиң функционал негизи есапланады» [4:9]. Демек, ҳәр бир жанр арқалы берилетуғын фактлар халық аўызеки дөретпелери менен байланыслы жеткерип берилсе, текст тилиниң еле де көркем баянланыўын тәмийинлейди.

**Жуўмақ**. Публицистикалық текст кең жәмийетшиликте пикир оятыўда, жаңа идеяларды жүзеге шығарыўда жетекши бола алыўы тийис. Информациялар ағымы күшейген дәўирде де өз орнын сақлап киятырған баспасөз барлық ўақытта жәмийеттиң итибарында болады. Онда публикаға қаратылған публицистикалық материаллар бериледи. Олар ҳәр дайым жаңадан жаңа материалларды жайластырып отырады. Сонлықтан бул публицистикалық текст стилистикасы изертлеўди талап етип отыратуғын объект деп айтыўға болады.

**Әдебиятлар**


1. Гальперин И.Р. Текст как объект лингвистического исследования. – Москва: «КомКнига», 2007. – С. 20-21.

2. Йигиталиева З. Матн тушунчасига оид қарашлар таҳлили. http.econferencezone.org. International Conference on Devolopments in Education Hosted from Uzbekistan. 26-aprel 2022. 1-3-б.

3. Шомақсудова С.Ҳ. Медиа матнларнинг тили, услуби ва жанрий хусусиятлари. Фил. фан. бўйфалс. док. Дисс. Автореф. – Тошкент: 2021.8-9-б.

4. Комилова Ё.Н. Босма ва интернет нашрларида сиёсий портрет: эволюцияси, талқин ва маҳорат масалалари. Фил. фан. бўй фалс. док. Дисс. Автореф. –Тошкент: 2024. 9-б.

5. Худайқулов М. Журналистика ва публицистика. – Тошкент: «Тафаккур» 2011. 95-б.

6. Машарипова Т. Публицистика теориясының бир пүтин концепциясы: илимий-методологиялық анализ» (Қарақалпақстан баспасөзи материаллары мысалында). – Т.: «Mumtoz so'z», 2016. 6-б.

7. Пирниязова А.К., Каллибекова Г.П. Күнделикли баспасөз тилинде шахсты аңлатыўшы перифразалардың қолланылыўы. // «Ilim hám jámiyet». 2024, № 2. 85-88-б.

8. Оразымбетова З. Заманагөй қарақалпақ баспасөзи тилинде газета фразеологизмлериниң қолланылыўы. «Глобалласыў процессинде ғалаба хабар қуралларының роли» атамасындағы халықаралық илимий-әмелий конференция материаллары (22-апрель, 2019-жыл). – Нөкис: «Қарақалпақстан», 2019. 41-б.

9. Жәримбетов Е. Қарақалпақ баспасөзинде әдебият мәселелериниң анализи: жантасыўлар, тенденциялар ҳәм машқалалар. – Нөкис: «Илимпаз», 2023. 33-б.

10. Каллибекова Г.П. Мунтазам рукнлар тили ва услуби. // Илм сарчашмалари. – Урганч: 2024, № 6. 149-152-б.

11. Қурбаниязов Д. Баспасөз материаллары темаларының стильлик өзгешеликлери. «Глобалласыў процессинде ғалаба хабар қуралларының роли» атамасындағы халықаралық илимий-әмелий конференция материаллары (22-апрель, 2019-жыл). – Нөкис: «Қарақалпақстан», 2019. 37-б.

12. Сеитназарова Г. Янги давр журналистикасида ижодий маҳоратнинг ўрни ва аҳамияти (Қорақалпоғистон матбуоти материаллари мисолида). Фил. фан. бўй фалс. док. Дисс. Автореф. – Тошкент: 2021. 17-б.

13. Жәримбетов Е. Көркем әдебият мәселелерин сәўлелендириўде журналистика жанрларының қолланылыўы. // Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети хабаршысы. 2021. №3. 288-290-б.

14. Насырова А., Алланиязова Ш. Ҳәзирги дәўирде публицистикалық стильде терминлердиң қолланылыўы. Қарақалпақ тил билиминиң әҳмийетли мәселелери. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 2019. 102-б.

15. Оразымбетова З. Заманагөй қарақалпақ баспасөзи тилинде газета фразеологизмлериниң қолланылыўы. «Глобалласыў процессинде ғалаба хабар қуралларының роли» атамасындағы халықаралық илимий-әмелий конференция материаллары (22-апрель, 2019-жыл). – Нөкис: «Қарақалпақстан», 2019.



**РЕЗЮМЕ.** Мақолада журналистик матнларнинг стилистикасини ўрганувчи адабиётлар ҳақида умумий маълумот берилган. Қорақалпоқ журналистика соҳасида бу мавзу ўрганилмаган. Ушбу мавзунинг долзарблиги аниқланган.

**РЕЗЮМЕ.** В статье дается обзор литератур, изучающих стилистики публицистического текста. В области каракалпакской журналистики эта тема является не изученной. Выявляется актуальность данной темы.

**SUMMARY.** The article provides an overview of the literature studying the stylistics of journalistic texts. In the field of Karakalpak journalism, this topic has not been studied. The relevance of this topic is revealed.